

BAB I

PENDAHULUAN

1.1 Kasang Tukang Masalah

Ngaran téh mangrupa idéntitas anu paling utama pikeun rupa-rupa hal boh nu ngawujud boh nu teu ngawujud. Kabiasaan urang Sunda dina méré ngaran pikeun manusa, sok biasa ngalibetkeun sesepuh adat, lantaran ngaran téh kacida sakralna. Sakumaha pamanggih Kosasih (1994) yén, nilik kana kabiasaan jaman baheula, dina prakték méré ngaran anu milu mikiran téh lain baé indung-bapana, tapi ngalibetkeun ogé nini aki ti dua pihaknana. Malah teu mustahil ngalibetkeun jalma nu *dikolotkeun* (biasana ajengan atawa kiyai). Dina émprona, méré ngaran téh tétea kacida sakralna lantaran boga implikasi nu raket patalina jeung prospék ka hareupna.

Hiji jalma anu gumelar geus pasti boga idéntitas saperti ngaran diri jeung tempat gumelar, kitu ogé hiji tempat atawa wilayah. Kabéh wilayah tangtuna boga ngaran saperti, jalan, désa, kampung, nepi ka dayeuh. Ieu hal luyu jeung pamadegan Jacub Rais dina buku anu judulna *Toponimi Indonesia* (2008: 1) yén waktu manusa gubrag ka alam dunya aya dua atribut anu nyantél dina diri manusa, nya éta ngaran diri (antroponim) jeung tempat gumelar (toponim)". Éta dua atribut téh aya dina idéntitas manusa anu kacatet dina Akta Kelahiran, Kartu Tanda Penduduk (KTP), Paspor, Surat izin Mengemudi (SIM), Surat Nikah, jeung sakabéh dokumén anu ngabutuhkeun idéntifikasi diri. Properti ngaran nu dibikeun ku kolot ka anakna anu karék gumelar ka alam dunya baris nyantél nepi ka jalma tilar dunya, sarta éta ngaran baris kaunggel dina tutungkul.

Arief Rahman Wangsaputra, 2012

Ngaran-ngaran Patempatan (Toponimi) Di Kacamatan Tanjungkerta Kabupaten sumedang Dumasar Carita Rakyat Pikeun Bahan Pangajaran Maca Carita Sajarah Lokal Di SMP

Patali jeung ngaran tempat, tééla teu kitu waé ngajanggélék. Nurutkeun Rais (2008:3),waktu manusa nyicingan hiji tempat di alam dunya, atawa ngabukbak lahan pikeun padumukan, sacara teu langsung manusa ngalakukeun komunikasi jeung alam di sabudeureun, ngaliwatan méré ngaran ka sakumna unsur rupabumi, saperti méré ngaran kana susukan, tegal, gunung, lembah, pulo, teluk, sagara, selat, jsté. Salian ti éta, manusa ogé méré ngaran kana tempat padumukanana, saperti ngaran babakan, kampung, désa nepi ka ngaran kota. Manusa méré ngaran kana rupabumi atawa kana hiji tempat tangtu boga udagan nya éta pikeun ciri jeung salaku sarana komunikasi jeung papada jalma.

Unggal ngaran tempat tangtu boga kasang tukang sajarah sasakala atawa silsilah anu patali jeung kasang tukang budaya, sajarah, atawa informasi séjénna. Ari nataan tempat téh ilaharna sok disebut *toponimi*. *Toponimi* ditilik tina jihat étimologis asal tina kecap *topo* anu hartina tempat jeung kecap *nimi (name)* anu hartina ngaran. Jadi, toponimi nya éta nataan ngaran-ngaran patempanan. Dina basa Inggris sok disebut ogé *geographical names* (ngaran géografis). Ngaran géografis nya éta ngaran anu dilarapkeun dumasar unsur géografis atawa bisa disebut *ngaran rupabumi* (Rais, 2008: 2).

Toponimi téh raket patalina jeung sajarah asal-muasal ngaran tempat atawa *folklor* (kabudayaan). *Folklor* salahajiji bagian tina kabudayaan, anu sumebar di masarakat jeung diwariskeun turun-tumurun sacara tradisional dina vérsi anu bédé dina wangu lisan atawa conto anu ditambahan ku hiji hal (Danandjaja, 2002: 2). Kajian *folklor* dina toponimi téh séké-sélér tina élmu onomastika (*onomastics*), anu ulikanana ngawengku di antarana baé: méré ngaran

Arief Rahman Wangsaputra, 2012

Ngaran-ngaran Patempanan (Toponimi) Di Kacamatan Tanjungkerta Kabupaten sumedang Dumasar Carita Rakyat Pikeun Bahan Pangajaran Maca Carita Sajarah Lokal Di SMP

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu

jalan, ngaran atawa jujuluk jalma, ngaran kadaharan, ngaran bungbuahan kaasup asal-usul (legénda) ngaran hiji tempat dumasar kana ‘sajarah’ ngajanggélékna (Kosasih, 2010).

Unggal sélér bangsa di ieu dunya, tangtu boga tradisina sorangan nu lumangsung sacara turun-tumurun, éta tradisi téh salasahijina nya éta carita . Carita rayat atawa carita balaréa nya éta warnaning carita heubeul nu sumebar di masarakat, tatalépa ku cara lisan, bari teu kanyahoan saha pangarangna. Ku lantaransumebarna sacara lisan bisa jadi ngalaman rupa-rupa parobahan(ngurangan atawa nambahan), sarta nimbulkeun vérsi anu bédá-bédá (Iskandarwassid, 2003: 127). Carita rayat lain saukur carita, tapi ngawariskeun konsép hiji budaya sarta bagian tina diri urang sorangan salaku mahluk sosial. Tandesna, carita rayat bisa jadi kakuatan kultural jeung salasahiji sumber utama dina ngawangun idéntitas jeung peradaban.

Ngaran hiji tempat ilaharna sok nyokot ngaran tina tanda-tanda alam nu gampang katingali sarta dipikawanoh di éta tempat. Saperti halna ngaran-ngaran kampung nu aya di Kacamatan Tanjungkerta Kabupatén Sumedang, tangtu aya kasang tukang nu ngalantarankeun dingaranan samodél kitu. Bisa jadi ayana carita rayat anu milu ngarojong kana ngaran éta tempat, tur diwariskeun sacara turun-tumurun ngaliwatan lisan.

Saperti halna kasang tukang Kacamatan Tanjungkerta. Nurutkeun tina caritaan masarakat, baheula nu jeneng Bupati Sumedang téh nya éta Pangéran Kornél atawa Pangéran Suriatmaja. Pangéran Kornél ngurilingan wilayah Sumedang, anjeunna hayang ningali sacara langsung kaayaan rayatna di unggal

Arief Rahman Wangsaputra, 2012

Ngaran-ngaran Patempatan (Toponimi) Di Kacamatan Tanjungkerta Kabupaten sumedang Dumasar Carita Rakyat Pikeun Bahan Pangajaran Maca Carita Sajarah Lokal Di SMP

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu

daerah. Waktu nepi ka tempat bék kaléreun puseur dayeuh, Kangjeng Dalem ningali tangkal *tanjung* nu aya di buruan imah. Éta tangkal tanjung gedé tur liuh, sing saha waé nu ningali éta tangkal tanjung tangtu resepeun. Kangjeng Dalem kataji pisan ku éta tangkal. Ku lantaran ngarasa capé, Kangjeng Dalem ngahaja reureuh heula di handapeun ieu tangkal bari jeung panasaran saha nu bogana éta tangkal téh? Teu kungsi lila datang jalma nu boga éta tangkal, ngaranna Ki Keta. Tah ti kajadian harita tanjung téh tempat pangreureuhan tur éta tempat dingaranan Tanjungketa. Nu hartina tanjung nu Ki Keta. Ti kajadian harita, ngajanggélék ngaran tempat nu kiwari nelahna Tanjungkerta.

Di Kacamatan Tanjungkerta, loba ngaran kampung atawa padumukan anu tangtuna boga kasang tukang sorangan naha dingaranan saperti kitu. Sanajan kitu, nepi ka kiwari aya panalungtikan nu nalungtik ngeunaan toponimi di Kacamatan Tanjungkerta. Salian ti éta, panalungtik salaku warga pituin Kacamatan Tanjungkerta aya kapanasaran anu gedé ngeunaan toponimi di ieu kacamatan. Tangtu lain ngan saukur kapanasaran nu mangaruhan panalungtik pikeun nalungtik di ieu kacamatan, tapi salaku warga pituin ieu kacamatan, panalungtik ngarasa boga tanggung jawab anu gedé pikeun maluruh toponimi anu patalina jeung sajarah lokal di ieu kacamatan. Komo dina kaayaan jaman kiwari, naha masih aya kénéh masarakat anu weruh kana carita ngaran hiji tempat. Jauhna mah lain wungkul weruh, tapi nalungtik jeung ngadokuméntasikeun data nu kaunggel di lapangan pikeun sampeureun ka hareupna.

Salasahiji tarékah supaya nonoman wanoh kana sajarah patempatan, salian ti ditalungtik perlu dijadikeun bahan ajar di lembaga atikan formal sakola. Éta hal

kasampak dina *Kurikulum Tingkat Satuan Pendidikan (KTSP) Mata Pelajaran Bahasa Sunda 2006*, ngeunaan pangaweruh maca maca sajarah lokal atawa carita babad anu kudu ditepikeun ka siswa SMP. Bahan pangajaran gedé pangaruhna kana kahontal-henteuna tujuan pangajaran, lantaran mangrupa eusi tina kagiatan diajar-ngajar. Ku kituna, bahan téh kudu dipilih. Ari sarat pikeun nangtukeun bahan éta téh nya éta ku jalan milih jeung nimbang-nimbang bahan pangajaran anu diluyukeun jeung kamekaran siswa.

Ieu panalungtikan ngeunaan toponimi nu baris dilakukeun téh lain panalungtikan nu munggaran. Saméméhna aya nu geus nalungtik toponimi dina wangun skripsi, nya éta: “Adegan Kecap dina Toponimi Kampung di Kacamatan Bungbulang Kabupatén Garut” ku Iid Abdul Muiz (2004); “Sistem Méré Ngaran Tempat (Toponimi) di Kota Sukabumi” ku Agung Pryaguna (2008); “Toponimi Ngaran-ngaran Kampung di Desa Tanjung Wangi Kecamatan Cicalengka Kabupatén Bandung” ku Ima Lisnawati (2008); “Foklor Ngaran Patempatan Di Kacamatan Karawang Barat pikeun Bahan Pangajaran Basa Sunda *Di SMP Kelas VII*“ ku Sri Dewi Hardayani (2011), jrrd.

Panalungtikan anu dilakukeun ku lembaga pamaréntahan pikeun kapentingan proyék nya éta *Toponimi Jawa Barat (Berdasarkan Cerita Rayat)* ku Yayat Sudaryat, dkk., nu dialpukahan ku Dinas Kebudayaan dan Pariwisata Jawa Barat (2009). Ieu panalungtik nétélakeun toponimi dumasar kana opat aspék, nya éta; 1) asal-muasal ngawangunna kecap (*etimologis linguistik*), 2) aspék fisikal (*hidrologis, géomorfologis jeung biologis*), 3) aspék budaya masarakat (*sosio-kultural*), jeung 4) aspék seni sastra.

Arief Rahman Wangsaputra, 2012

Ngaran-ngaran Patempatan (Toponimi) Di Kacamatan Tanjungkerta Kabupaten sumedang Dumasar Carita Rakyat Pikeun Bahan Pangajaran Maca Carita Sajarah Lokal Di SMP

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu

Ku lantaran can kungsi aya nu nalungtik ngeunaan toponimi di Kacamatan Tanjungkerta Kabupatén Sumedang, ku kituna perlu dilaksanakeun panalungtikan ngeunaan toponimi anu satuluyna hasil tina ieu panalungtikan dijadikeun bahan pangajaran maca carita sajarah lokal. Judul dina ieu panalungtikan téh nya éta, “Ngaran-ngaran Patempatan (Toponimi) di Kacamatan Tanjungkerta Kabupatén Sumedang Dumasar Carita Rayat dina Bahan Pangajaran Maca Carita Sajarah Lokal di SMP”.

1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang, masalah nu muncul dina ieu panalungtikan nya éta aya kapaluruhna ngeunaan ngaran-ngaran patempatan di Kacamatan Tanjungkerta. Ngaran-ngaran patempatan anu dimaksud nya éta ngaran Ngaran-ngaran kampung di Kacamatan Tanjungkerta Kabupatén Sumedang. Ku kituna, ieu panalungtikan baris diwatesanan jeung dirumuskeun masalahna.

1.2.1 Watesan Masalah

Sangkan ieu panalungtikan ambahanana teu lega teuing, ieu panalungtikan baris diwatesanan. Masalah anu dipedar museur dina sabudeureun ngaran-ngaran kampung di Kacamatan Tanjungkerta anu bakal dipedar dumasar kana aspek fisikal, sosial, jeung kultural. Salian ti éta, ieu panalungtikan ogé bakal leuwih museur kana carita rayat anu milu ngarojong kana ngaran kampung, nu saterusna larapna dina bahan pangajaran maca carita sajarah lokal di SMP.

Arief Rahman Wangsaputra, 2012

Ngaran-ngaran Patempatan (Toponimi) Di Kacamatan Tanjungkerta Kabupaten sumedang Dumasar Carita Rakyat Pikeun Bahan Pangajaran Maca Carita Sajarah Lokal Di SMP

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana watesan masalah tadi, nu jadi masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya ieu di handap.

- 1) Kumaha kasang tukang ngaran kampung dumasar carita rayat nu aya di masarakat?
- 2) Kumaha sistem méré ngaran kampung nu aya di sabudeureun Kacamatan Tanjungkerta Kabupaten Sumedang?
- 3) Kumaha larapna bahan pangajaran patempatan dina pangajaran maca carita sajarah lokal di SMP?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Tiap panalungtikan tangtuna waé boga tujuan anu hayang kahontal. Ieu panalungtikan téh miboga tujuan umum jeung tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum dina ieu panalungtikan nya éta mikanyaho sistem méré ngaran kampung di Kacamatan Tanjungkerta dumasar kana aspek fisikal, sosial, jeung kultural, nu saterusna diwariskeun deui ka entragan anyar ngaliwatan pangajaran basa jeung sastra Sunda di sakola.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan boga tujuan pikeun ngadeskripsiéun:

- 1) kasang tukang ngaran kampung dumasar carita rayat nu aya di masarakat; jeung
- 2) sistem méré ngaran kampung di sabudeureun Kacamatan Tanjungkerta Kabupatén Sumedang;
- 3) larapna bahan pangajaran patempatan dina pangajaran maca carita sajarah lokal di SMP.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat dina ieu panalungtikan bakal dirumusken sacara téoritis jeung praktis, nu baris didadarkeun saperti ieu di handap.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara téoritis, ieu panalungtikan dipiharep bisa ngeuyeuban kamekaran pangaweruh budaya Sunda, dina widang kasang tukang ngaran-ngaran kampung dumasar carita rayat nu sumebar di éta masarakat. Tangtuna waé dokuméntasi tinulis téh kalintang penting dina ngajaga dokuméntasi lisan anu bakal orot ku umur.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis, ieu panalungtikan dipiharep bisa méré gambaran hususna ka sabudeureun masarakat Kacamatan Tanjungkerta, umumna ka balaréa anu

Arief Rahman Wangsaputra, 2012

Ngaran-ngaran Patempatan (Toponimi) Di Kacamatan Tanjungkerta Kabupaten sumedang Dumasar Carita Rakyat Pikeun Bahan Pangajaran Maca Carita Sajarah Lokal Di SMP

maca ieu karya, kumaha kasang tukang hiji kampung bisa dingarahan saperti kitu nurutkeun masarakatna.

1.5 Sistematika Penulisan

Léngkah pamungkas dina ieu panalungtikan nya éta nyusun laporan. Sabada hasil panalungtikan dipasing-pasing, dianalisis nepi ka jadi informasi anu bisa disusun dina wangun déskriptif nu ahirna disusun sacara sistematis dina wangun skripsi.

Anapon susunan eusi ieu skripsi bisa dititénan dina wangun ieu di handap.

1) BAB I BUBUKA

Ieu bab eusina ngawengku kasang tukang masalah, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung pamungkas Sistematika Penulisan.

2) BAB II KABUDAYAAN, BASA, FOKLOR, JEUNG BAHAN PANGAJARAN DI SMP

Ieu bab eusina ngawengku kabudayaan, basa, foklor, jeung bahan pangajaran di SMP.

3) BAB III MÉTODOLOGI PANALUNGTIKAN

Ieu bab eusina ngawengku métode panalungtikan, désain panalungtikan, sumber data, wangenan operasional, instrumént panalungtikan, téhnik panalungtikan, jeung prosedur ngolah data.

- 4) BAB IV NGARAN-NGARAN PATEMPATAN (TOPONIMI) DI KACAMATAN TANJUNGKERTA KABUPATÉN SUMEDANG DUMASAR CARITA RAYAT DINA BAHAN PANGAJARAN MACA CARITA SAJARAH LOKAL DI SMP

Ieu bab eusina ngadéskripsikeun sistem méré ngaran kampung di Kacamatan Tanjungkerta dumasar kana aspek fisikal, jeung aspek non-fisikal sarta carita rayat nu saterusna bakal dilarapkeun dina bahan pangajaran maca carita sajarah lokal di SMP.

- 5) BAB V KACINDEKAN JEUNG REKOMENDASI

Ieu bab eusina ngawengku kacindekan jeung rékoméndasi tina ieu panalungtikan.

